

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Wawacan kaasup salasahiji genre karya sastra nu aya di wilayah Sunda. Nilik tina waktu gelarna, wawacan kaasup kana karya sastra buhun. Neuleuman wawacan lain perkara anu gampang sakumaha karya sastra dina wangun karya sastra lianna. Padahal, wawacan leubeut ku sawangan hirup, falsafah, jeung ajén-inajén anu luhung, nu perlu dipikawanoh ku masarakat kiwari. Ngan hanjakal, masarakat jaman kiwari geus carang maraca wawacan, antukna masarakat di jaman kiwari teu pati apal kana ieu wangun karya, nu mangrupa salah sahiji ciri has kabudayaan daérah. Kurangna média-média informasi anu boga karep pikeun ngawanohkeun karya sastra buhun, ngabalukarkeun masarakat teu wanoh kana ieu wangun karya. Ku kituna perlu diayakeun upaya pikeun ngawanohkeun ieu karya ka masarakat.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Rusyana (1984: 311) yén sastra aya dina wengkuan dunya fiksi, mangrupa hasil kréatif manusa, hasil niténan, sawangan, hayalan, pikiran, rasa, jeung kahayang anu pagalo, kalawan diwujudkeun ngaliwatan basa. Gumelarna sastra, lantaran ayana kahayang manusa pikeun ngébréhkeun eusi haté, pangalaman, jeung kahayang, pikeun mangaruhan papada manusa. Sastra téh lain ngan ukur méré hiburan jeung kasugemaan batin ka nu maca hungkul, ogé ngandung ma'na, katut ajén-inajén nu luhung, atikan-atikan, jeung ayana kasadaran ngeunaan tetekon kahirupan ka hareupna.

Wawacan mangrupa salasahiji karya sastra buhun anu diwangun ku sababaraha pupuh. Sakumaha anu dijelaskeun ku Iskandarwassid (1996: 168) yén wawacan nyaéta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh, lantaran ngalalakon, wawacan umumna paranjang, mindeng gunta ganti pupuh, biasana marengan ganti episode.

Iskandarwassid (1996: 168) ogé nétélakeun yén mekarna wawacan di urang téh ngaliwatan sababaraha tahap. Dina tahap kahiji, lalakon-lalakon wawacan tina sastra Jawa téh langsung disalin, henteu disundakeun, mangrupa naskah. Tahap kadua, témbong usaha narjamahkeun (nyalin) kana basa Sunda, sangkan eusina kaharti ku balaréa. Tahap katilu, lain narjamahkeun, tapi nyipta carita-carita nu geus nyampak ti baheula dina wangun wawacan, saperti tina dongéng, hikayat, jeung babad. Tahap kaopat, sabada aya téknologi citak, wawacan anu tadina mangrupa naskah téh réa anu diterbitkeun mangrupa buku, dibarengan ku ciptaan-ciptaan alanyar, sarta wandana ogé anyar.

Wawacan mangrupa salah sahiji karya hasil tina pamikiran manusa nu euyeub ku ajén-inajén moral nu anu perlu ditalungtik keur méré gambaran kahirupan anu miboga tetekon luhung. Upamana gambaran ngeunaan moral manusa ka Pangeran, moral manusa ka pribdi, moral manusa ka manusa manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu jeung moral manusa pikeun ngahontal kasugemaan lahir batin.

Sajalan jeung panalungtikan anu baris medar étnopedagogi dina ieu carita wawacan, yén étnopedagogi téh museur kana kaunggulan manusa sacara paripurna atawa *multy* talénta (jalma anu masagi) anu miboga pangalaman lahiriah

(*inteléktual aksional*) jeung batiniah (*spiritual*)(Sudaryat 2015:124). Lantaran miboga pangalaman lahir jeung batin, puseur étnopédagogik Sunda nyiptakeun catur jatidiri insan salaku manusa unggul, nyaéta pengkuh agamana (*spiritual quotient*), luhur élmunna (*inteléktual quotient*), jembar budayana (*émotional quotient*), jeung rancagé gawéna (*actional quotient*) (Suryalaga, 2003:77-78). Catur jatidiri insan nyoko kana moral anu jadi pandangan hirup urang Sunda, nyaéta (1) Moral manusa ka pangéran/ Tuhan (MMT); (2) Moral manusa ka pribadi (MMP); (3) Moral manusa ka manusa séjén (MML); (4) Moral manusa ka alam (MMA); (5) Moral manusa ka waktu (MMW); (6) Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB) (Warnaén dkk., 1987:8).

Minangka carita dina wangun tulisan, *Wawacan Mahabarata* miboga hal anu bisa dianalisis, di antarana waé tina jihat struktur jeung ajén-inajén moral nu nyampak dina wengkuan étnopédagogi.

Sabenerna, geus kungsi aya nu nalungtik ngeunaan étnopedagogik téh dina wangun carita pantun. Éta panalungtikan nu dilakukeun ku Maryati (2013) dina panalungtikan tésis anu judulna “*Carita Pantun Bujang Pangalasan Ulikan Struktur, Semiotik, jeung étnopedagogik*” Tapi, éta panalungtikan aya dina wangun carita pantun, lain wangun wawacan saperti dina ieu panalungtikan. Ari ulikan ngeunaan struktur jeung étnopedagogi dina *Wawacan Mahabarata* mah can kungsi dijadikeun objék panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judul “*Wawacan Mahabarata Anggitan R. Meméd Sastrahadiprawira (Ulikan Struktur jeung Etnopedagogik)*” perlu diayakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Karya sastra, kaasup wawacan bisa diulik tina rupa-rupa jihat, saperti strukturna, sosiologina, psikologina, jeung mimetikna. Kulantaran objék ulikan wawacan téh lega, dina ieu panalungtikan baris diulik aspék struktur carita jeung ajén étnopedagogikna. *Wawacan Mahabarata* anggitan R. Méméd Sastrahadiprawira Spk. téh mangrupa saduran tina carita *Mahabarata* karya Wyasa.

Patali jeung panalungtikan *Wawacan Mahabarata*, aya sababaraha masalah anu perlu dijawab. Éta jawaban tina masalah téh ditepikeun dina wangun kalimah di handap.

- a. Kumaha gambaran eusi jeung épisode carita dina *Wawacan Mahabarata*?
- b. Kumaha struktur carita dina *Wawacan Mahabarata* karya Wyasa anu dianggit ku R. Méméd Sastrahadiprawira?
- c. Ajén étnopédagogik naon baé nu aya dina carita *Wawacan Mahabarata* karya Wyasa anu dianggit ku R. Méméd Sastrahadiprawira?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtika nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun struktur carita *Wawacan Mahabarata* anggitan R. Méméd Sastrahadiprawira, spk.

1.3.2 Tujuan husus

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta

- a. Eusi tina unggal épisode carita dina *Wawacan Mahabarata*
- b. Struktur carita jeung struktur naratif *Wawacan Mahabarata*.
- c. Ajén étnopédagogik dina carita *Wawacan Mahabarata*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

- a. Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber référénsi keur mahasiswa basa jeung sastra, jeung akademisi sastra dina nalungtik sastra Sunda.
- b. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

- a. Pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan dina karya sastra
- b. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré nyaho salahsahiji karya sastra nu sumebar di tatar Sunda.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan di antarana saperti nu ditétélakeun ieu di handap.

- a. Wawacan mangrupa karya sastra buhun anu perlu dimumulé kaayaanana.
- b. Wawacan mibanda struktur nu tangtu

1.6 Struktur Organisasi Tésis

Ieu tesis disusun lima bab kalawan sistematika anu didadarkeun di handap.

Bab I Bubuka, medar perkara kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, anggapan dasar, jeung struktur organisasi tésis.

Bab II Tatapakan Tiori, medar konsep tiori anu jadi tatapakan pikeun nganalisis objek panalungtikan. Dina ieu panalungtikan anu dijadikeun tatapakan tiori nyaéta tiori wawacan, struktur sastra jeung tiori étnopedagogi.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar perkara méthodé panalungtikan, definisi operasioal, sumber data panalungtikan, istrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data panalungtikan, jeung prosedur analisis data.

Bab IV Kajian struktur carita dina wawacan Mahabarata karangan Wyasa anu dianggit ku R. Mémét Sastrahadiprawira spk.. Ngadadarkeun hasil analisis data dumasar kana kajian struktur jeung ajén étnopédagogi dina wawacan Mahabarata karangan Wyasa anu dianggit ku R. Mémét Sastrahadiprawira spk.

Bab V Kacindekan, nétélakeun kacindekan tina hasil analisis data anu dipedar sarta saran anu dianggap penting tina hasil panalungtikan.